



Demann Ranplasman pou Alokasyon SNAP yo Vòlè (SNAP Stolen Benefit Replacement Request)

Yo dwe itilize fòm sa a pou mande ranplasman alokasyon alimantè SNAP yo te vòlè pa mwayen fwod elektwonik. Fòm sa a dwe ranpli epi siyen pa responsab dosye alokasyon alimantè a, yon granmou nan fanmi alokasyon alimantè, oswa reprezantan otorize alokasyon alimantè a. Ou dwe fè lis tranzaksyon yo vòlè yo epi siyen fòm sa a anvan yo kapab trete li. Tanpri, gade dèyè fòm sa a pou jwenn enstriksyon ak règleman yo.

Enfòmasyon sou Fanmi an (Household Information)

Non (First Name)		Siyati (Last Name)			
Adrès Ri (Street Address)		Vil (City)	Eta (State)	Kòd Postal (Zip Code)	
Adrès Imèl (Email Address)		Nimewo Telefòn (Phone)	Dat Nesans (DOB)	4 Dènye Chif SSN	

Enfòmasyon sou Alokasyon yo Vòlè yo (Stolen Benefit Information)

Èske ou te mande alokasyon ranplasman anvan? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non <small>(Have you requested replacement benefits before?)</small> Èske ou mande yon nouvo kat EBT deja? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non <small>(Have you already asked for a new EBT card?)</small> Èske ou chanje PIN EBT ou a deja? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non <small>(Have you already changed your EBT PIN?)</small> Ki dènye dat ou te itilize kat EBT ou a? _____ <small>(When was the last date you used your EBT card?)</small> Èske ou te itilize kat EBT ou a nan yon lòt eta dènyeman? <small>(Have you recently used your EBT card in another state?)</small> <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non Eta (State): _____	Èske ou te bay yon moun nimewo kat EBT ou a oswa PIN ou an? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non <small>(Did you give your EBT card number or PIN to anyone?)</small> Èske ou te gen kat EBT ou a lè vòlè la te fèt la? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non <small>(Did you have your EBT card when the theft occurred?)</small> Si non, èske kat ou a te? (If no, was your card?) <input type="checkbox"/> Pèdi (Lost) <input type="checkbox"/> Yo te vòlè li (Stolen) <input type="checkbox"/> Yon moun nan fanmi ou te itilize li (Being used by someone for your household) Èske ou te konn itilize kat EBT ou a pou w achte manje anliy? <small>(Have you ever used your EBT card to buy food online?)</small> <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non Magazen Anliy yo (Online Stores): <input type="checkbox"/> ACME <input type="checkbox"/> Amazon <input type="checkbox"/> BJs <input type="checkbox"/> Food Lion <input type="checkbox"/> Giant <input type="checkbox"/> Shoprite <input type="checkbox"/> Target <input type="checkbox"/> Walmart <input type="checkbox"/> Lòt: _____
---	---

Tanpri, fè lis tranzaksyon yo vòlè yo sou kat EBT ou a. Tanpri, tache yon lòt paj si sa nesèsè.

ARMS USE ONLY (POU UTILIZASYON ARMS SÈLMAN)

Dat Tranzaksyon (Transaction Date)	Montan Tranzaksyon (Transaction Amount)	Non Distribitè a (Retailer Name)	Vil, Eta Distribitè a (Retailer City, State)	Approved (Apwouve)	Denied (Rejite)
				<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
				<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
				<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
				<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
				<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
				<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
				<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
				<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
				<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
				<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>

Enfòmasyon oswa kòmantè anplis (Comments):	<input type="checkbox"/> All Transactions Approved (Apwouve) <input type="checkbox"/> Transactions Partially Approved (Apwouve Pasyèlman) <input type="checkbox"/> All Transactions Denied – Not Electronic Fraud (Rejite)	Total Amount Stolen: (Montan Total yo Vòlè a) \$ _____
--	--	---

Sètifikasyon Fanmi an (Household Certification)

Mwen konfime enfòmasyon yo ki nan fòm sa a vre epi yo kòrèk. Mwen konprann yo pral verifeye enfòmasyon sa yo epi itilize yo pou ranplase sèlman alokasyon alimantè yo te vòlè pa vwa elektwonik yo sou kat EBT mwen an. Mwen li règleman ranplasman alokasyon yo. Mwen konprann si mwen bay fo enfòmasyon espere, yo ka refize demann pou ranplasman alokasyon mwen an, mwen ka diskalifye pou resevwa alokasyon alimantè yo, yo ka pouswiv mwen dapre lwa kriminel leta ak federal ki aplikab yo, epi mwen ka oblije ranbouse montan alokasyon ranplasman an.

Siyati OBLIGWA (Signature) _____ Non an Lèt detache (Printed Name) _____ Dat (Date) _____

REPLACEMENT DETERMINATION – DSS USE ONLY (DESIZYON RANPLASMAN – POU UTILIZASYON DSS SÈLMAN)

APPROVED (APWOUVE)	<input type="checkbox"/> Approved Replacement: (Ranplasman Apwouve)	\$ _____ for benefit month/year (Pou alokasyon mwa/ane) _____
		\$ _____ for benefit month/year (Pou alokasyon mwa/ane) _____
		\$ _____ for benefit month/year (Pou alokasyon mwa/ane) _____

DENIED (REJTE)	<input type="checkbox"/> Benefits were not stolen electronically (Yo pa te vòlè alokasyon yo pa vwa elektwonik)	<input type="checkbox"/> P-EBT
	<input type="checkbox"/> Transactions are before October 1, 2022 (Tranzaksyon yo fèt anvan 1ye oktòb 2022)	
	<input type="checkbox"/> Household already received two replacements this replacement period (December 1, 2023 – September 30, 2024) (Fanmi an te deja resevwa de ranplasman pou ane fiskal sa a (1ye oktòb - 30 septanm))	
	<input type="checkbox"/> Household did not report stolen benefits within 60 days (new claim) or by May 29, 2024 (retroactive claim) (Fanmi an pa t deklare alokasyon yo vòlè yo nan lesplas 60 jou (nouvo reklamasyon) oswa anvan 29 me 2024 (reklamasyon retwoaktif))	
	<input type="checkbox"/> Form not completed by FB household member or authorized representative (Manm Fanmi FB a oswa reprezantan otorize yo pa t ranpli fòm nan)	
	<input type="checkbox"/> Form missing transaction information or not signed (Fòm nan manke enfòmasyon sou tranzaksyon yo oswa li pa siyen)	
	<input type="checkbox"/> Other (Lòt):	

Èske Ou Bezwen Èd Ak Fòm Sa a?

- Pou jwenn istorik tranzaksyon EBT ou a, rele Sèvis Kliyan EBT a nan **1-800-526-9099** oswa konekte sou **www.ConnectEBT.com**.
- Rele **1-866-843-7212** (Lendi jiska Vandredi, 8:00 AM rive 4:30 PM).
- Vizite biwo DSS oswa DMMA lokal ou a.

Enstriksyon pou Deklarasyon yo ak Pwosesis yo

Tanpri, retounen fòm ou ranpli epi siyen an.

- **Imèl:** DHSS_DSS_StolenSNAP@delaware.gov
- **Faks:** 302-453-2853
- **Pa lapòs:** Asirans Kalite DSS, 501 Ogletown Road, Newark, DE 19711
- **Livrezon:** Nenpòt lokal DSS oswa DMMA (dhss.delaware.gov/dhss/dss/ofclocations.html)

Delè pou Demann Ranplasman Alokasyon yo:

- Si yo te vòlè alokasyon ou yo soti **1ye oktòb 2022 rive 30 novanm 2023**: Ou gen jiska **29 me 2024** pou w retounen fòm sa a ba nou.
- Si yo te vòlè alokasyon ou yo soti **1ye desanm 2023 rive 30 septanm 2024**: Ou gen **60 jou** apati dat yo te vòlè alokasyon alimantè ou yo pou w retounen fòm sa a ba nou.

Ou dwe ranpli, siyen, epi retounen fòm sa a pou w ka ranplase alokasyon alimantè ou yo vòlè yo sou kat EBT ou a. Si ou te deja deklare alokasyon yo vòlè yo ba nou, ou dwe toujou ranpli yon Fòm Ranplasman pou Vòl Avantaj SNAP. Nou pa kapab ranplase alokasyon ou yo san yon fòm ki siyen.

N ap ranplase alokasyon alimantè ou yo vòlè yo jiska kantite yo otorize a si ou kalifye, epi nou ka pwouve yo te vòlè alokasyon ou yo pa mwayen fwod elektwonik. Nou pral trete demann ou an nan lesplas 10 jou ouvrab. Nou pral verifeye idantite ou ak tranzaksyon EBT ou yo. Nou ka kontakte ou pou plis enfòmasyon. N ap fè ou konnen si yo refize oswa apwouve demann ou an. Ou ka mande pou yon odyans san patipri si ou pa dakò ak desizyon pou ranplasman alokasyon an.

Règleman pou Ranplasman Alokasyon yo

Règleman ranplasman alokasyon yo fè pati lwa federal yo. Delaware pa ka chanje règleman sa yo.

Alokasyon alimantè ou yo ka elijib pou ranplasman si yo te vòlè yo sou kat SNAP EBT ou a soti **1ye oktòb 2022 jiska 30 septanm 2024** nan ekremaj, klonaj, amsonaj, oswa lòt fwod elektwonik.

- **Ekremaj:** Yo mete yon aparèy ilegalman sou yon lektè kat nan yon kès pou vòlè nimewo kat EBT yo ak nimewo idantifikasyon pèsònèl yo (PIN yo).
- **Klonaj:** Kriminèl yo itilize enfòmasyon yo vòlè sou kat EBT yo pou fè fo kat EBT pou vòlè alokasyon alimantè yo.
- **Amsonaj:** Anak ki vize moun ki gen kat EBT yo atravè apèl nan telefòn, imèl, oswa mesaj tèks pou vòlè enfòmasyon pèsònèl ou yo.

Nou ka ranplase alokasyon alimantè ou yo vòlè yo sèlman de (2) fwa pandan menm peryòd ranplasman alokasyon an:

- Peryòd Ranplasman 1: 1ye oktòb 2022 – 30 septanm 2023
- Peryòd Ranplasman 2: 1ye oktòb 2023 – 30 septanm 2024

Nou KAPAB ranplase:

- Alokasyon alimantè mansyèl yo, alokasyon alimantè ijans yo, ak alokasyon alimantè pou katastwòf yo te vòlè sou kat EBT ou.
- Alokasyon alimantè yo te vòlè pa vwa elektwonik lè ou te gen kat SNAP EBT ou a an posesyon ou.
- Alokasyon alimantè yo te vòlè soti 1ye oktòb 2022 jiska 30 septanm 2024.

Nou PA KAPAB ranplase:

- Alokasyon P-EBT yo te vòlè sou kat EBT ou.
- Alokasyon alimantè yo te vòlè paske yon moun te mal itilize kat EBT fizik ou a epi li te gen PIN ou an.
- Alokasyon alimantè yo te vòlè anvan 1ye oktòb 2022.

Montan Ranplasman Alokasyon yo

Pi plis nou ka ranplase nan alokasyon alimantè se montan yo te vòlè a **oswa** montan ki egal a de (2) mwa alokasyon alimantè ou anvan vòl la te fèt, **kèlkeswa sa ki pi piti a**. Yo pral awondi ranplasman alokasyon ou an ak montan ki pi pre a.

Egzanp 1: Yon fanmi te gen \$275 nan alokasyon alimantè yo vòlè sou kat EBT yo. Montan alokasyon alimantè mansyèl yo a se \$150. Paske kantite lajan yo vòlè a (\$275) mwens pase 2 mwa alokasyon alimantè fanmi an (\$150 x 2 = \$300), fanmi an ap resevwa \$275 nan alokasyon alimantè ki ranplase sou kat EBT yo a.

Egzanp 2: Yon fanmi te gen \$500 nan alokasyon alimantè yo te vòlè sou kat EBT yo a. Montan alokasyon alimantè mansyèl yo a se \$150. Paske kantite lajan yo vòlè a (\$500) pi gran pase 2 mwa alokasyon alimantè fanmi an (\$150 x 2 = \$300), fanmi an ap resevwa \$300 nan alokasyon alimantè ki ranplase sou kat EBT yo a.

Pwoteje tèt ou kont Fwod EBT

- Deklare alokasyon yo vòlè yo imedyatman lè w rele 1-866-843-7212.
- Anile kat EBT ou a touswit si ou kwè yo te vòlè alokasyon ou yo. Rele Sèvis Kliyan EBT a nan 1-800-526-9099 pou w ka jwenn yon nouvo kat EBT ak yon PIN pou pwoteje alokasyon alimantè ou yo.
- Évite PINs senp. Chif konbinezon tankou 1111, 1234, oswa 9876 ka fasil pou lòt moun devine.
- Chanje PIN EBT ou a souvan lè w rele Sèvis Kliyan EBT a nan 1-800-526-9099 oswa sou Entènèt sou **www.ConnectEBT.com**.
- Pa pataje nimewo kat EBT ou a oswa PIN ou. Nou pap janm kontakte w pou w mande enfòmasyon sa yo.
- Egzamine lektè kat la anvan w glise kat EBT w la, pou w verifeye aparèy pou ekremaj yo. Pa itilize lektè kat ki sanble sispèk oswa etranj.
- Retounen gade balans kont EBT w ak tranzaksyon w yo souvan pou w verifeye acha ou pa t fè. Si ou wè nenpòt, chanje PIN ou touswit epi kontakte nou.